Қорақалпоғистон Республикаси Тахиатош тумани ҳокими
ҚАРОРИ

Қарақалпақстан Республикасы Тақыятас районы ҳәкими
ШЕШИМИ

«27» ноябрь 2017 жыл № 164/11 Тақыятас районы

Тақыятас районы аймағында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мәқсетинде жол ҳәрекети белгилерин орнатыў ҳаққында

Тақыятас районы Ишки ислер бөлиминиң 2017-жыл 05-ноябрь күнги 7/3063-санлы усыныс хатын көрип шығып, Өзбекистан Республикасының "Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Өзбекистан Республикасы Нызам ҳужжетлери топламы» 15-саны 197-статьясы, 15.04.2013 жыл)ның 7-статьясына, Өзбекистан Республикасы "Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳаққында"ғы Нызамының 25-статьясына муўапық район аймағында автотранспорт қуралларының ҳәрекетлениўин тәртипке салыў, жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде, Тақыятас районы ҳәкими

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1. Өзбекистан Республикасының "Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы талапларынан келип шығып:

а) Тақыятас қаласы М.Джумабаев көшесинде «Тақыятас дийхан базары» ЖШЖ-ниң автотураржайы дәрўазасы жайласқан жолдың еки тәрепинде 3-дана 3.27 «Тоқтаў қадаған» ҳәм де 2-дана 7.2.2 «Тәсир аралығы» (150м) жол белгилери;

б) Фарабий көшесиниң Ш.Рашидов көшеси менен М.Джумабаев көшелери аралығында жолдың еки тәрепинде 2-дана 3.27 «Тоқтаў қадаған», 1-дана 7.2.4 «Тәсир аралығы» жол белгилери;

в) Фарабий көшесинде Халықлар дослығы көшеси менен Ш.Рашидов көшелери аралығында жолдың еки тәрепинде 2-дана 3.27 «Тоқтаў қадаған» жол белгиси;

г) Фарабий көшеси менен Ш.Рашидов көшеси кесилиспеси алдында жолдың еки тәрепинде 2-дана 3.27 «тоқтаў қадаған» ҳәм де 2-дана 7.2.2 «Тәсир аралығы» (100м) қосымша хабарландырыў жол белгилери орнатылсын.

2. Тақыятас районлық «Абаданластырыў басқармасы»на (С.Ибрагимов) Хожели районлық «Турақлы жоллардан пайдаланыў» унитар кәрханасы менен биргеликте жоқарыда аты көрсетилген көшелерде тийисли жол белгилериниң орнатылыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

3. Тақыятас районлық Ишки ислер бөлимине (С.Сарыев) жоқарыда аты көрсетилген көшелерде тийисли жол белгилериниң орнатылыўын қадағалаўға алыў тапсырылсын.

4. Бул шешим ғалаба хабар қуралларында рәсмий түрде жәриялансын ҳәм район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

4. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаўды Тақыятас районы ҳәкиминиң орынбасары Т.Бердекешовқа жүклетилсин.

6. Бул шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди

Тақыятас районы ҳәкими: **Ф.Алламбергенов**